Tsigira Zvakasimba Zvaunotenda!

Mirayiridzo: Ita basa iri uri panzvimbo isina zvinokukanganisa. Paunoverenga magwaro, fungidzira uripowo pazvaiitika. Ona zvaiitika mupfungwa dzako. Inzwa manzwi acho. Iva nemanzwiro evanhu vari kutaurwa. Ngazviite sokuti zviri kutoitika.

Vanonyanya kutaurwa: Jeremiya, Ebhedhi-mereki, Mambo Zedhekiya

Muchidimbu: Jeremiya anoshorwa zvakanyanya paanozivisa mashoko aMwari okuti vanhu vokuJudha vakande mapfumo pasi kuvaKadheya.

❶ ***ONGORORA ZVAKAITIKA.—VERENGA JEREMIYA 38:1-5.***

Unofunga kuti Jeremiya ainzwa sei paaitaura nevanhu vokuJudha? _____

_____

Manzwiro akaita sei aunoona achibudiswa nenzwi raJeremiya paaizivisa nyevero yaJehovha? _____

_____

DZAMISA PFUNGWA.

Jeremiya anofanira kunge aiva nokutenda kwakaita sei kwakaita kuti azivise nyevero iyoyo akashinga? _____

_____

❷ ***ONGORORA ZVAKAITIKA.—VERENGA JEREMIYA 38:6-13.***

Uchiita zvokufungidzira, tsanangura kufara, kudzika, uye kunhuwa kwaiita mugodhi. _____

_____

Jeremiya angave akafungei ‘paakatanga kunyura mumatope acho’? (*Verengazve ndima 6.*) _____

_____

DZAMISA PFUNGWA.

Uchishandisa zvokutsvakurudza zvaunokwanisa kuwana, dzidza zvimwe zvawaisaziva nezvemigodhi yaishandiswa kare inotaurwa nezvayo muBhaibheri. _____

_____

Ebhedhi-mereki anofanira kunge aiva nokutenda kwakaita sei kwakaita kuti atange kufunga nezvokununura Jeremiya? (*Verengazve ndima 7-9.*)

Sei Zedhekiya akakurumidza kubvuma, zvakataurwa nemachinda pakutanga uye gare gare naEbhedhi-mereki? (*Verengazve ndima 5 ne10.*) Izvi zvinoratidzei nezvake? nezvekusava kwake nokutenda?

Munyaya ino ndivanaani vakaratidza kutenda kwakasimba, uye ndiani asina? Sei uchidaro?

❸ ***ITA ZVAWADZIDZA. NYORA ZVAWADZIDZA NEZVOKUTI . . .***

Sei ushingi huchikosha?

Sei kutenda kuchikosha?

Jehovha anodzivirira sei vaya vanomuteerera vasingatyi?

Kana zvinhu zvaoma, kuva nokutenda kungakubatsira sei kuti uite zvakarurama?

❹ ***CHII CHIRI MUNYAYA IYI CHANYANYA KUKUBATSIRA, UYE SEI UCHIDARO?***



www.jw.org © 2010 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania